



Dosye Vaksinasyon
pou tout Vil la
alwonnbadè

Rejis Vaksinasyon Vil la Alwonnbadè ak Konfidansyalite ou

Kisa Dosye Vaksinasyon Vil la Alwonnbadè ye?

Rejis Vaksinasyon Vil la Alwonnbadè (Citywide Immunization Registry, CIR) se yon bazdone konfidansyèl ki gen dosye sou vaksen yo bay pasyan yo nan Vil New York.

Èske mwen oblije gen dosye vaksen mwen nan CIR la?

Pwofesyonèl swen sante yo oblije voye dosye vaksen yo nan CIR pou pasyan ki gen laj 18 lane ak pi piti. Moun ki gen laj 19 lane oswa plis ka chwazi pou ajoute enfòmasyon yo nan CIR la.

Poukisa mwen ta dwe mete enfòmasyon mwen nan CIR la?

Gen anpil avantaj pou gen dosye vaksen ou nan CIR la. CIR la kolekte dosye vaksen rezidan New York yo yon sèl kote pou ou menm ak doktè ou konnen ki vaksen ou te pran ak ki vaksen ou ka bezwen. Ou ka jwenn aksè nan CIR la si ou kòmanse wè yon nouvo pwofesyonèl swen sante oswa si ou pèdi dosye ou.

Ki moun ki ka wè dosye vaksinasyon mwen oswa dosye vaksinasyon pitit mwen an?

Ou menm, doktè ou, famasyon ou, lekòl oswa kolèj pitit ou, plan asirans sante ou ak kèk pwogram sèvis sosyal - tankou Fanm, Tibebe ak Timoun (Women, Infants and Children, WIC) - ka wè dosye vaksinasyon ou.

Pou aprann kijan pou jwenn dosye ou oswa dosye pitit ou an, al gade Dosye Vaksen Mwen an nan nyc.gov/myvaccinerecord oswa rele 311.

Èske yo kapab itilize dosye CIR mwen pou fè mete lwa imigrasyon anplas?

CIR la pa gen nimewo sekirite sosyal ou oswa sitiyaasyon ou ak imigrasyon. Lwa Eta New York pwoteje dwa ou pou yo respekte konfidansyalite dosye CIR ou a. Se sante ou ki entere Depatman Sante Vil New York. Se pa sitiyaasyon ou ak imigrasyon. Nou respekte konfidansyalite tout pasyan yo. Jwenn swen ou bezwen an.

Rele 800-354-0365 oswa 311 pou jwenn enfòmasyon sou sèvis sipò, tankou asistans jiridik, grasa ActionNYC. Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou yo, ale gade nan nyc.gov/immigrants.

